

# Enfòmasyon Debaz Sou Komisyon Distrik Vil Nouyòk

---

Yon Entwodiksyon

Revize 5 Out 2022

# Entwodiksyon

- Konstitisyon Ameriken an mande pou yon resansman popilasyon an chak dis ane.
- Resansman Ameriken sa a deklannche redistriksyon distri lejislatif federal, eta ak lokal la atravè tout nasyon pou reflekte doktrin yon moun, yon vòt Konstitisyon an.

# Komisyon Distrik Vil Nouyòk

- Nan Vil Nouyòk, Konstitisyon Vil la bay Komisyon Distri vil Nouyòk la responsabilite pou li trase 51 nouvo kat jeyografik bay Komisyon Distri vil Nouyòk la.
- Komisyon an gen 15 manm. Majistra a nonmen sèt ladan yo. Konsèy vil la nonmen uit. Majorite Konsèy la nonmen senk epi minorite Konsèy la nonmen twa.
- Kritè pou chwazi manm Komisyon yo se minisipalite, pati, estati minorite ak divèsite.

## Komisyonè yo

Dennis M. Walcott, Chair

Yovan Samuel Collado

Hon. Marilyn D. Go

Kevin John Hanratty

Maria Mateo, Esq.

Joshua Schneps

Lisa Sorin

Msgr. Kevin Sullivan

Kai-Ki Wong

Maf Misbah Uddin

Michael Schnall

Kristin Johnson

Gregory W. Kirschenbaum

Marc Wurzel

Dr. Darrin K. Porcher

## Kad Siperyè

John Flateau, Direktè Egzekitif

Grace Pyun, Avoka Jeneral

Joe Maligno, Direktè Egzekitif Adjwen

Ali Rasoulinejad, Chèf Kabinè

Eddie Borges, Direktè Kominikasyon

LaToya Benjamin, Chèf Kabinè Adjwen

# Poukisa li Enpòtan?

- Popilasyon Vil Nouyòk lan te ogmante soti nan apeprè 8.2 milyon moun an 2010 pou rive nan apeprè 8.8 milyon moun an 2020.
- Sa egal apeprè 630,000 nouvo moun nan vil la.
- Avèk 51 distri Konsèy Minisipal ak yon popilasyon 8.8 milyon moun, sa vle di Komisyon an dwe trase nouvo distri ak ki gen an mwayèn apeprè 172,882 rezidan chak.

# Poukisa li Enpòtan?

- Konsèy Minisipal la se yon branch ko-egal nan gouvènman lokal la ak Majistra a.
- Konsèy vil la gen pouvwa sou bidjè 101 milya dola vil la ak vòt sou kesyon tankou:
  - Ekspansyon pwogram aksè lojman
  - Ranbousman taks sou pwopriyete pou pwopriyetè ti kay
  - Retablisman pak ak retire pye bwa ki domaje
  - Investisman nan pwogram sekirite kominotè
- Se poutèt sa opinyon Nouyòkè yo enpòtan nan defini nouvo distri konsèy yo.

# Tandans Popilasyon

- Komisyon an dwe trase nouvo kat ki reflekte kwasans popilasyon jeneral la ak popilasyon Ispanik ak Azyatik nou yo ki te eksploze depi dènnye resansman an.
- Ispanik yo te gogmante pa anviwon 154,000 moun.
- Azyatik pa 345,000 moun.
- Pandan se tan, popilasyon nwa ak blan vil la te retresi pa 84,000 ak 3,000, respektivman.

# Lwa Sou Dwa Vòt 1965 Lan

- Youn nan konsiderasyon legal Komisyon an dwe pran lè l ap trase kat se federal la se Voting Rights Act 1965 Lan <sup>1</sup>
- Li entèdi pou yon nouvo kat distri nye oswa dilye pouvwa vòt minorite rasyal ak lengwistik.

---

<sup>1</sup> Apre ka Tribinal Siprèm *Shelby County v. Holder*, 570 U.S. 529 (2013), Vil Nouyòk pa bezwen jwenn pre-otorizasyon kat li yo nan men Depatman Jistis Etazi a dapre Seksyon 5 Lwa sou Dwa Vòt la.



# Devyasyon Popilasyon

Distri yo ta dwe apeprè egal nan popilasyon dapre doktrin reprezantasyon yon moun yon vòt men distri Konsèy Minisipal Nouyòk yo gen dwa a yon nivo devyasyon--lalwa bay yon règ "senk pousan devyasyon".

An Mwayèn, popilasyon distri Konsèy yo se 172,882. Dapre règ senk pousan sa a, diferans ant distri ki pi piti popilè ak distri ki gen plis moun lan pa ka depase senk pousan. Pa egzanp, si distri ki gen mwens popilasyon an se 168,900 (apeprè - 2.3% pi ba pase mwayèn lan), alò distri ki gen plis popilasyon an pa kapab plis pase 177,549 (apeprè +2,7% pi wo pase mwayèn lan).

# Kritè Konstitisyon Vil la

Konstitisyon Vil la egzije tou pou kat distri a asire “reprizantasyon jis ak efikas” gwoup minorite rasyal ak lengwistik ki pwoteje pa Lwa Sou Dwa Vòt lan (Voting Rights Act, VRA).

Anplis de sa, Konstitisyon an mande pou Komisyon an:

## Egzijans Pou Distri yo

- 1 Kenbe katye yo ak kominote yo entak.
- 2 Kenbe distri yo konpak.
- 3 Limite distri kwaze.
- 4 Evite divize votè ki nan menm pati politik la nan objektif pou diminye reprizantasyon efikas sa yo.
- 5 Evite distri ki gen fòm etranj.

# Egzijans Pou Distri yo (swit)

- **Distri Ki Konekte.** Konstitisyon an egzije pou chak distri yo konekte. Chak fwa yon pati nan yon distri separe pa dlo, dwe gen yon koneksyon pa yon pon, tinèl, tramway, oswa sèvis Ferry regilye.
- **Limit sou distri ki kwaze yo.** Byenke distri yo pa ta dwe travèse liy minisipalite yo "nan limit maksimòm posib si yon distri kouvri nan de minisipalite, okenn lòt distri pa ka travèse nan menm de minisipalite yo."

# Opinyon Piblik

- Komisyon an dedye pou enkòpore opinyon piblik la nan pwosesis redistriksyon an.
- Piblik la ka patisipe epi pataje opinyon yo pa :
  - Temwaye nan yon odyans piblik
  - Voye temwayaj nan yon imèl bay [publictestimony@redistricting.nyc.gov](mailto:publictestimony@redistricting.nyc.gov)
  - Poste temwayaj bay 253 Broadway, 3rd Floor, New York, NY 10007
  - Sèvi ak [Districtr](#) pou kreye pwòp kat ou
- Nouyòkè yo se ekspè nan pwòp kominote pa yo e Komisyon an bezwen tandè yo pandan y ap redesine liy distri Konsèy vil yo.

# Kwonoloji

Konstitisyon an bay sèten delè pou pwosesis distri a – pa egzanp, gen delè pou soumèt bouyon kat fè plan sa yo disponib pou piblik la pou enspeksyon ak kòmantè, epi soumèt kat revize a bay konsèy la.

Delè sa yo ka pwolonje yon fason rezonab pou Komisyon Distri a kapab reyalize misyon li pou trase kat distri ki pran opinyon piblik la an konsiderasyon epi ki respekte lalwa.


Delè Komisyon an pou soumèt yon plan final se 7 desanm 2022.

# Kalandriye Komisyon Distri Vil Nouyòk

(sijè a chanjman)

Faz	Dat
Odyans Piblik Senk Minisipalite yo	25 Me, 27 ak 29 Jen, 6 ak 7 Jiyè
Komisyon vòt pou pibliye plan preliminè	15 jiyè
Odyans Piblik Senk Minisipalite yo (5:30 pm rive 9 pm sof si yo endike otreman)	16 Out (Queens - Museum of the Moving Image) 17 Out (Bronx - Lehman College ( (City University of New York, CUNY))) Aug. 18 (Staten Island - Borough Hall) 21 Out (Brooklyn - Medgar Evers College (CUNY)) – 3:30pm to 7pm 22 Out (Manhattan - Schomburg Center for Research in Black Culture)
Soumèt plan bay Konsèy Minisipal	22 Septanm

### Pwosesis



# Resous

- Preliminary Plan (Premye Plan)
- District – Build your own City Council district (District –Konstwi pwòp distri Konsèy Minisipal ou)
- NYC Department of City Planning Census Maps (Kat Resansman Depatman Planifikasyon Vil Nouyòk)
- Current City Council Maps (Kat Aktyèl Konsèy Minisipal la)
- NYC Open Data (Done ki Louvri NYC yo)



Nenpòt moun ki ta renmen soumèt temwayaj sou  
kat 51 Konsèy Minisipal yo ka ekri Komisyon an  
nan [publictestimony@redistricting.nyc.gov](mailto:publictestimony@redistricting.nyc.gov)